

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hakékatna manusa miboga kamampuh pikeun komunikasi. Kamampuh komunikasi disebut ogé kamampuh makéna basa. Dina kahirupan sapopoé basa penting pisan pikeun alat pakakas dina ngedalkeun rasa jeung kahayang. Kamampuh komunikasi dumasar tingkat kamampuh ngawasa basa, ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, (4) nulis. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa, lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Maca jeung ngaregepkeun kaasup kana aspek reseptif, ari nulis jeung nyarita kaasup aspék produktif.

Nulis penting pisan dina kahirupan sapopoé. Gunana nulis pikeun jalma nyaéta sangkan bisa ngalakukeun komunikasi, nepikeun ide, gagasan, jeung sawangan ka balaréa. Nulis ogé miboga peran penting hususna di lingkungan atikan, nulis mangrupa kaparigelan anu kudu dikawasa ku barudak sakola. Upamana siswa geus ngawasa kaparigelan nulis, tangtu baé bakal gampang dina ngawasa kaparigelan séjénna. Kanyataanana anu jadi bangbaluh pikeun siswa SMP sabada di obsérvasi téh di antarana kaparigelan nulis kurang pisan, utamana dina nulis wawangsalan.

Pentingna nulis pikeun masarakat nyaéta yén pangajaran nulis téh dijadikeun matéri pangajaran dina Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD). Pentingna nulis pikeun kahirupan di antarana nulis kudu diajarkeun di sakola. Sabab, pangajaran nulis di sakola aya dina KIKD.

Kegiatan nulis wawangsalan mangrupa kegiatan anu kudu diajarkeun di SMP sabab katitén aya dina Kompetensi Inti Kompetensi Dasar (KIKD) 8.4.4 *Mengekspresikan sisindiran dalam bentuk tulisan dan lisan (misalnya melalui poster, meme, atau tempas sindir) dengan memperhatikan struktur, ekspresi, dan lentong kalimat secara lisan dan tulisan* (Dinas Pendidikan Jawa Barat, 2013, kc. 47)

Dumasar Kompetensi Dasar di luhur, yén kompetensi nu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta aya dua sacara lisan jeung tulisan. Tapi pasualan di lapangan nu karandapan

ku siswa ayeuna lain lisan tapi tulisan. Salian ti éta kompetensi anu hayang dihontal dina nulis wawangsalan nyaéta struktur anu ngawengku cangkang jeung eusi, ogé guru wilangan anu jumlahna dalapan engang. Sarta kaédah basa anu ngawengku éjahan jeung diksi anu luyu jeung aturan nulis wawangsalan.

Kanyataanana di sakola, dumasar hasil wawancara ka guru basa Sunda SMP Pasundan 4 Bandung, Asep Ruhimat nétélakeun yén kaparigelan nulis wawangsalan téh dianggap hésé utamana dina struktur jeung aspék kabahasaan. Faktor anu ngabalukarkeunana nyaéta dina néangan ide atawa kekecapanna, boh dina nyieun cangkang boh eusi wangsalna. Salian ti éta hal, siswa nyanghareupan sababaraha pasualan dina nangtukeun guru wilangan anu sok leuwih atawa kurang tina jumlah engang anu geus ditangtukeun. Faktor utamana dina éjahan, ngabédakeun huruf vokal *é*, *eu*, jeung *e*, ngagunakeun koma (,) jeung titik (.) dina tungtung padalisan, sarta milih diksi anu luyu jeung eusi wangsalna.

Di sagigireun ti éta, kamampuh nulis wawangsalan di sakola dibalukarkeun ku pangajaran nulis wawangsalan. Dumasar kana éta bangbaluh, perlu diterapkeun modél pangajaran anu kréatif pikeun ngungkulan éta masalah, hususna dina nulis wawangsalan.

Modél pangajaran anu dianggap bisa ngungkulan éta masalah nyaéta modél *Brain Writing*, sabab modél *Brain Writing* bisa digunakeun pikeun ningkatkeun kaparigelan nulis, bisa ngarojong siswa dina ngamekarkeun ide atawa topik kana wangun téks pondok. Ieu model ogé bisa ngarojong siswa anu cicingeun atawa kurang percaya diri jadi siswa dina nepikeun ide-ide sacara lisan pikeun bisa nepikeun ide jeung siswa lain dina wangun tulisan. Ku ngagunakeun modél *Brain Writing*, siswa bisa méré sawangan dina wangun tulisan kana ide-ide ti siswa lain dina jero kelompok. *Brain Writing* nurutkeun Michalko (2004, kc. 315) mangrupa hiji pamarekan gagasan, nalika hiji kelompok ngahasilkeun ide-ide sacara tinulis. Modél pangajaran *Brain Writing* mangrupa hiji modél pangajaran anu cara nepikeunanana ngaliwatan hiji tulisan. *Brain* hartina otak, *write* hartina nulis. Jadi, *Brain Writing* nyaéta nulis sagala hal anu aya dina otak.

Lian ti sacara tioritis, alesan milih *Brain Writing* nyaéta sacara émpiris, geus aya nu nalungtik, di antarana anu kungsi ditalungtik ku Nurmayani (2015) anu judulna “Keefektifan Strategi *Brain Writing* dalam Pembelajaran Menulis Cerpen

pada Siswa kelas X SMA Negeri 1 Ngaglik)”. Panalungtikan Azizah (2015) anu judulna “Keefektifan Model *Brain Writing* dalam Pembelajaran Memproduksi Teks Eksplanasi pada Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Sewon Bantul DIY)”.

Hasil éta panalungtikan diébréhkeun yén model pangajaran *Brain Writing* téh éfektif dina pangajaran nulis nyaéta nulis cerpen jeung nulis téks eksplanasi. Ari sasaran dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu baris dilaksanakeun ku panulis nyaéta sarua ngagunakeun modél pangajaran *Brain Writing* dina pangajaran nulis, nanging nu jadi bébédaanna nyaéta materi ajar jeung sumber data data nu rék ditalungtik. Dina ieu panalungtikan leuwih nalungtik kana penerapan modél pangajaran *Brain Writing* dina nulis wawangsalan.

Dumasar kana tinimbangan di luhur, panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Brain Writing* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Wawangsalan (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Aya sababaraha masalah anu bisa diidéntifikasikeun dina ieu panalungtikan, nyaéta ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis wawangsalan nyaéta struktur, anu ngawengku 1) siswa can maham nyieun cangkang jeung eusi , 2) siswa can bisa nangtukeun guru lagu jeung guru wilangan. Di sagigireun ti éta aya aspék kabahasaan, nyaéta; 1) siswa can parigel dina ngagunakeun aspék kabahasaan utamana huruf vokal (é, e, jeung eu), 2) siswa can bisa ngagunakeun tanda baca (, jeung .) dina tungtung padalisan;
- b. Modél pangajaran *Brain Writing*, modél pangajaran nu ngalibetkeun siswa ti mimiti perencanaan nepi ka évaluasi, nungtut sakabéh siswa sangkan bisa aktif sarta miboga kamampuh anu alus dina komunikasi atawa prosés interaksi antar anggota kelompok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*?
- b. Kumaha kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*?
- d. Naha aya ningkatna kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 sabada dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina tujuan panalungtikan, kabagi kana dua hal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji éféktifitas Modél *Brain Writing* dina ningkatkeun kamampuh nulis wawangsalan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 dina nulis wawangsalan saméméh dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*;
- b. kamampuh siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 dina nulis wawangsalan sabada dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*;
- c. béda anu signifikan antara kamampuh nulis wawangsalan siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 saméméh jeung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Brain Writing*.

d. ningkatna kamampuh siswa kelas VIII-G SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 dina nulis wawangsalan sabada dilarapkeun model pangajaran *Brain Writing*, jeung

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban tiori, konsép, patali jeung modél pangajaran nulis wawangsalan hususna di SMP kelas VIII. Lian ti éta ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis wawangsalan siswa sarta nambahan élmu pangaweruh siswa dina nulis wawangsalan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun.

- a. Pikeun siswa, sangkan kamampuh siswa dina nulis wawangsalan téh ngaronjat;
- b. Pikeun guru, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif modél pangajaran nulis wawangsalan; sarta
- c. Pikeun nu nalungtik, bisa nyiptakeun, ngararancang sarta ngamangpaatkeun modél pangajaran nu aya salaku alat pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.

1.5 Raraga Tulisan

Dina skripsi ieu aya lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, nu ngawengku ngeunaan modél pangajaran, nulis wawangsalan, modél pangajaran *Brain Writing*, raraga mikir jeung hipotésis sarta sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, medar nu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh nulis wawangsalan siswa saméméh ngagunakeun “perlakuan” jeung kamampuh nulis wawangsalan sabada ngagunakeun “perlakuan” (ngawengku uji data, jeung uji hipotésis).

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, jeung méré saran kana panalungtikan nu salajengna.